

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis dina bab I, II, III, jeung IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun yén minangka salah sahiji komponén kaparigelan basa, nulis perlu diajarkeun di sakola-sakola, luyu jeung kurikulum. Kiwari hasil diajar nulis karangan basa sunda kurang nyugemakeun. Éta balukar tina sababaraha faktor, salah sahijina nya éta faktor guru nu kurang bisa milih modél atawa métode pangajaran anu éféktif.

Dina prak-prakanna ngajarkeun nulis di sakola, guru mibanda kabébasan maké modél pangajaran sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal. Guru kudu kréatif néangan jeung maké modél pangajaran tur bisa méré *motifasi* siswa sangkan sumanget diajar. Kaasup maké média lingkungan salaku alat pikeun pangajaran.

Numutkeun Slavin (1997:209), yén dina diajar siswa kudu aktif néangan pangaweruh nu ahirna siswa bakal ngarti sorangan. Numutkeun katerangan éta, ku kituna modél diajar anu nungtut siswa kudu aktif leuwih fokus kana modél pangajaran PAKEM. Sacara gurat badagna PAKEM mibanda opat komponén, nya éta ngalaman, interaksi, komunikasi, jeung refléksi.

Modél pangajaran *Examples Non Examples* nya éta model pangajaran nu museur kana daya imajinasi siswa dina nyusun kalimah . Modél pangajaran ieu

biasana dilaksanakeun dina pangajaran nulis, bisa dijadikeun alat pikeun ngajarkeun nulis karangan ka siswa SMP.

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data nu geus dikumpulkeun, modél pangajaran PAKEM jeung modél pangajaran *Examples Non Examples* bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa. Katingali tina hasil pratés jeung pascatéés kelompok PAKEM ngaronjat 10,30%, pikeun kelompok *Examples Non Examples* ngaronjat nepi ka 12,7%. Béda hasil diajar antara kelompok *Examples Non Examples* jeung kelompok PAKEM, nya éta ku cara ngitung t itung dina uji béda antara pascatéés di kelompok *Examples Non Examples* jeung pascatéés kelompok PAKEM, hasilna nya éta $t_{hitung} = 2,71$ dina taraf kapercayaan 99%, kalawan dk 35. Jadi $t_{hitung} > t_{tabel}$ ($2,71 > 2,60$). Ku sabab t itung uji béda leuwih gedé tibatan t tabel bisa dicindekkeun yén aya béda nu signifikan antara hasil diajar kelompok *Examples Non Examples* jeung kelompok PAKEM.

Ku kituna, modél pangajaran *Examples Non Examples* jeung modél pangajaran PAKEM bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi, tapi modél pangajaran *Examples Non Examples* leuwih efektif dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Katingali tina bédana antara pratés jeung pascatéés kelompok *Examples Non Examples* leuwih gedé.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan sarta ngabuktikeun hipotesis, dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa méré alternatif pikeun guru dina milih modél pangajaran. Ku kituna, aya sababaraha saran pikeun ningkatkeun kamampuh nulis siswa, saperti ieu di handap:

1. Siswa kudu latihan nulis maké aturan bener saluyu jeung palanggeran éjahan basa Sunda, jeung perlu ditingkatkeun deui daya imajinasina dina nulis.
2. Perlu pisan diayakeun panalungtikan anu leuwih jembar dina pangajaran jeung modél-modél pangajaran, sangkan méré guru bisa leuwih variatif dina méré materi ajar pikeun ningkatkeun mutu pangajaran.

